

Yo te kreye Konsèy Lisans Endistri Konstriksyon nan Palm Beach County ak Seksyon Règlemantasyon pou Kontraktè yo pou pwoteje sitwayen nan Palm Beach County yo gras a yon sistèm sètifikasyon pou plizyè metye konstriksyon diferan.

Metye ki gen rapò ak pwopriyete kay yo gen ladan:

- Jeneral
- Konstriksyon
- Rezidansyèl
- Elektrik
- Travayè Plonbye
- Plonbri
- Travayè Elektrisyen
- HARV (Chofaj, Èkondisyon, Refrijerasyon, ak Vantilasyon)

Metye Espesyalize


- Espesyalite nan aliminyòm
- Bòs chapant
- Fòm ak plasman beton
- Demolisyon
- Kiraj ak Dechaj
- Mi sèk
- Prela
- Kloti
- Pòt Garaj
- Vè ak Vitraj
- Mòtye
- Volè / Tant kont tanpèt
- Awozwa irigasyon
- Ba Vòltaj
- Lamarin
- Travay Mason
- Platraj
- Ranfòsman asye
- Reparasyon ak Ranplasman vit
- Twati kay
- Antreprenè nan siyalizasyon/elektrisite
- Konstriksyon Estrikti Metalik
- Konstriksyon pisin
- Antretyen ak Reparasyon Pisin
- Mozayik, tèrazo, ak wòch
- Enstalasyon sèvis piblik anba tè
- Fenèt/Pòt

Kèlkeswa moun k ap fè travay la,
anpil pwojè mande pèmi!

Pou jwenn plis enfòmasyon sou
egzijans pèmi yo, tanpri rele nan:

(561) 233-5119

PZB-Bldg@pbc.gov



Konte Palm Beach
Konsèy Komisè yo nan konte a
Depatman Planifikasyon Zòn
ak Konstriksyon

Règleman pou Antreprenè yo

2300 N. Jog Road, Suite 2W-61
West Palm Beach, FL 33411-2741

Orè Travay yo

Lendi jiska Vandredi
8 è a.m. pou 5 è p.m.
(Eksepte jou ferye)

Kontakte nou nan:

TEL: (561) 233-5525

E-mail: PZB-INVESTIGATIONS@pbc.gov

www.pbc.gov/pzb



Revised September 2025

YON GID POU PWOTEJE TÈT OU

Kont Antreprenè Konstriksyon Ki San Lisans Yo



Konte Palm Beach
Depatman Planifikasyon Zòn ak Konstriksyon
Règleman pou Antreprenè yo



Chak ane, ekip Règlemantasyon Antreprenè yo ede sitwayen yo sove plizyè milye dola sou pèt yo ta ka genyen.
 Ou se pi bon defansè tèt ou kont kalte pèt sa yo lè w pa an afè ak Antreprenè ki pa gen lisans sa yo.
 Kolabore ak Antreprenè ki kalifye epi ki gen lisans yo pa sèlman yon bon lide... **SE LA LWA!**

OU KA EDE TÈT OU!

Sèlman nan swiv etap ki anba yo, ou ka diminye anpil ris pou w pèdi lajan akòz yon antreprenè ki pa gen lisans:

PREMYEMAN

Mande pou w wè lisans antreprenè a.

DEZYÈMAN

Mande pou w wè Sètifika Asirans Responsabilite Sivil ak Asirans Aksidan Travay li genyen.

Epi finalman, konfime ke Antreprenè w chwazi a gen lisans epi li gen asirans ki valid lè w vizite sit entènèt Depatman Règlemantasyon Antreprenè Palm Beach County a nan:

www.pbc.gov/pzb

(Pou jwenn Antreprenè ki gen Lisans)

Ede Nou Ede Tèt Ou
 Verifye Sètifika Konpetans Antreprenè a anvan menm ou siyen kontra a.

SIY AVÈTISMAN YO

KI MONTRE MOUN NAN AK/OSWA KONPAYI A PA GEN LISANS:

- Anons nan jounal/feyè ki pa gen nimewo lisans moun nan oswa konpayi antreprenè a.
- Yon Resi Taks Pwofesyonèl (ansyen lisans pwofesyonèl) se yon taks yo peye Konte a pou pèmèt yon antite travay nan perimèt Konte a, sa se pa yon lisans.
- Li mande yon gwo avans anvan travay la kòmanse.
- Pawòl tankou, “L’ap pi bon mache si se ou ki jwenn pèmi pa w.”
- Sèlman yon kontra nan bouch.
- Antreprenè a prefere travay nan wikenn oswa apre lè travay yo.
- Yon lòt moun ki pa moun/konpayi ou pa t fè kontra avè l jwenn yon pèmi konstriksyon.
- Li pa ka montre yon kopi sètifika asirans li.

Se lajan w, pwoteje li!

ATANSYON

Angaje yon antreprenè ki pa gen lisans, menm si sa ka fè w ekonomize yon ti lajan, ka lakòz youn oswa plizyè nan pwoblèm sa yo:

- Peye de fwa pou menm travay la.
- Pwoblèm kouvèti asirans.
- Travay medyòk ak/oswa konstriksyon ki pa respekte estanda kòd konstriksyon ak zòn yo, sa ki lakòz yo mande kraze travay la pou l refèt.
- Aksyon legal sou kòd ak amann chak jou pou pwopriyete a.
- Si yon antreprenè ki pa gen lisans blese sou pwopriyete ou, se ou menm ki responsab.
- Reta ak tit asirans lan lè w ap vann kay la.

Kidonk, anvan w angaje yon antreprenè ki pa gen lisans, poze tèt ou kesyon sa a:
Èske sa vo tout ris sa?